



Lekòl Piblik Boston

**Sipèentandan Mary Skipper  
Oto-evalyasyon 2023**

---

Mary Skipper  
Sipèentandan  
Lekòl Piblik Boston

*Tout elèv dwe gen aprantisaj solid, sou baz divès nòm ki konsidere kilti yo ak lang yo, nan anviwònman ki gen pi piti restriksyon an. Pou elèv yo kapab evolye, nou dwe ofri yo yon seri divès kalite sèvis, e yo dwe gen aksè nan ansèyman nan lang natif natal yo, nan yon bilding ki akeyan, ki an sekirite, ki prè ak kay yo, e ki ofri yo divès espas ak teknoloji 21yèm syèk.*



## Aliman divès Objektif Sipèentandan an

- Bay ranman akademik priyorite e akselere li
- Ranfòse aksè nan Aprantisaj Sosyal-Emosyonèl
- Senplifye divès operasyon e asire sekirite elèv yo
- Devlope divès pratik otantik pou Angajman Fami ak Kominote
- Amelyore komunikasyon entèn e ekstèn avèk fanmi yo ak manm pèsònèl yo
- Ogmante kontrandi ni pou Biwo Santral la ni pou lekòl nou yo



## **NÒM 1 : Lidèchip Ansèyman**

Lidè edikasyonèl la ankouraje aprantisaj ak kwasans tout elèv, ak siksè tout manm pèsonèl li yo, nan fason li kiltive yon vizyon pataje ki rann ansèyman ak aprantisaj solid devni pwen santral afè lekòl.

### **Eleman Kle yo :**

- Yon Sistèm Sipò Plizyè Klasman
- Alfabetizasyon Ekitab
- Enklizyon
- Edikasyon Bileng
- Plan Stratejik Biwo Edikasyon Miltileng e Miltikiltirèl la (OMME)
- Divès opòtinite pou kòmanse inivèsite (kolèj) bonè
- Ekspansyon Edikasyon Pwofesyonèl Teknik
- Efò Sipò Elèv-Opòtinite pou Lajenès pou elèv k ap abandone etid yo/pou elèv ki gen Absans Kwonik (ki absan souvan)



## **NÒM 2 : Jesyon ak Operasyon**

Li ankouraje aprantisaj ak kwasans tout elèv, ak siksè tout manm pèsonèl li yo, nan fason li asire yon anviwònman aprantisaj ki an sekirite, ki efikas, e efektif, avèk itilizasyon divès resous pou mete sou pye divès pwogram etid, mendèv, ak orè apwopriye.

### **Eleman Kle yo :**

- Strikti Ekip : Depite yo
- Strikti Ekip : Modèl Rejyonèl la
- Planifikasyon Enstalasyon yo
- Transpòtasyon
- Biwo Jesyon Dijans/Planifikasyon Sekirite Lekòl
- Sistèm kominikasyon yo
- Kontra travay yo



## **NÒM 3 : Angajman (Patisipasyon) Fanmi ak Kominote**

Li ankouraje aprantisaj ak kwasans tout elèv, ak siksè tout manm pèsone, atravè divès patenarya avèk fanmi yo, divès òganizasyon kominotè, ak lòt pati enterese ki soutni misyon lekòl la ak distri skolè a.

### **Eleman Kle yo :**

- Restriktire : Mete aksan sou Avansman Ekite, Fanmi, ak Kominote
- Divès Amelyorasyon konsènan Konsèy Lokal Skolè yo
- Liy Asistans Lekòl Piblik Boston an pou ede fanmi
- Ekspansyon Titora Paran



## **NÒM 4 : Kilti Pwofesyonèl**

Li ankouraje siksè pou tout elèv nan fason l pran swen e soutni yon kilti skolè ki reflekte patik, atant siperyè, ak aprantisaj kontinyèl pou manm pèsonèl yo.

### **Eleman Kle yo :**

- Kominikasyon entèn yo
- Konsantrasyon sou Devlopman Pwofesyonèl
- Kontra lidè lekòl yo
- Strikti reyinyon yo